

mal. 12. 069

Cod. de. 19. 141

mal. 12. 069

~~or 19. 140~~

4653997

of

THE UNIVERSITY OF CHICAGO

PH.D. THESIS

BY

JOHN H. ...

IN THE DEPARTMENT OF ...

CHICAGO, ILLINOIS

19...

mal. 12.069

or. 19.141

teks 3997

Rontal drowèn : Ni Nengah Sarini, Banjar Pakètan,  
Singaraja, Bulèlèng.

Sané nedunin : Ida I Déwa Gdé Catra, Jln. Untung Surapati, Amlapura,  
Kecamatan & Kabupatèn Karangasem.-

Tanggal ngetik: 3 Mei 1984.

KIDUNG PANJI MALAT RASMI, BR.PAKETAN, SINGARAJA. 1.

/2a/ Kadi rara nggen ing anglurug patraning wano kasilir mungging tpining ju-  
rang kulang-kaling agelar rumambé tangampiji kadi tunggul ron i pisang gadhing  
surakning ajurit camara kanginan sumyok sinrang dèning paksi gèndhing kala-  
wan nyan cingcing garagāt, (1).

dresning anilā tmahan limut remrem saöning Hyang Rawi greh mandhrang gruh ta-  
titnyā ngdhap lumbrèng wiyat sahebning mégha tmah liristanaçrū anisingati mrik-  
arūm gandhaning mayangambabar patapam alangu kongang cara-waraning amangun har-  
saning mulat. (2).

Açrang swaraning abirakenāsti agé præpta èng patapan adres tibaning warsā  
kang andarat rimihin, (1).

ramé padhā papalayon wong -/-ira sang nātha wong ira Pañjyā nèng huri tan pe-  
hingan kwèhing angiring-ngiring. (2).

/2b/ Kang mungging kudā padhā payung rwaning kamumwa pèt rawit lyan tang sar-  
wya kusumā sirujāran Snetan amalaku payung sahā nglih ih dumadak huden malih  
mèsem sira Pañji ling ira masā becikā mmé wong acangkrama sahirib lanang wong  
kalebu ring toya, (1).

mèsem sakwèh i angiring præpta ring patapan nṛpati tumurun saking limen arar-  
yyan sirèng yaça petung tuhu angrawit asipar sira Pañjyānèng yawi alungguh si-  
rèng patani lan sira jaranira sara dèn Senetan sakwèh ing adular abhiyasa. (2).

Adres tang wrṣṭi sumyok tumuli marem Sanghyang Arkka bra sumunung lagi man-  
dra-mandra swaraning greh atri, (1).

ajar-ajar ubon-ubon hatur sarwwa phala rakā sahisining u-/-kir kagawokan mu-  
lati aywā pekik. (2).

/3a/ Déça kaliwatan prapti hatur tadah ring sira Pañjitumpeng awawayang ngunda  
tan kenèng itung tadah irā halep-açrī drawinā mamanisān badèg kalawan kilang  
apan mangkana yan sira mimbā lwir guntur sekul ulam kapanggih ulah-irātu  
uttamā, (1).

kinènatur knèng sang prabhū sampun kahaturing jro adan anadah sang nātha  
ling ira kakā Ranggā haturanā yayi warsèng çmarā anadaha ring jro lawan ing-  
sun kèn Ranggā was mangkat mendhek anembah pakanira Pangèran ingenti tumurun  
sang ingaturan. (2).

3a Sarwwi angalaping kalambi sutra gadhung anglusur basahan hembuhing was-  
tran ira rangdhi atumpal wilis, (1).

asabuk gringsing sangupati kris ira alandhéyan mirah murub asekar mās dinu-  
luban bun tekāngrimangi. (2).

Maler suweng-/-ira wingi mletukā romā ngaragani apinggel apus pupak mngesning  
latya nusah pranna wajan ri gadhing pun kembar kalih angiring-iring çri nā-  
3b rēndra kapanggih sira alinggih lawan sira an Rangkesari balé pring aña-  
tur karang samāja, (1).

ahub dēning anggaṇā hungū sira para putri açri sama alungguh sir èng patani  
duk rawuh sira Pañji ingawé dé nṛpati sang prāptā nembah tur munggah ing be-  
tur paksa kumāsajjā rasaning hatin ira lwir anambutā ngṛti karsā kudwa ngalā  
déça. (2).

Kinayuh dé ra sang katong duk harin ingsun paren polahé twas ingsunā apting  
marga ring harep arupat-arupit, (1).

ling ira Pañji liman ika yan kawasaḥ undhaken ta mapi anghih dahat sengkā  
tur kalintangan rupit. (2).

Wonten jurang kang marga lengūt lewih yan masaning riris tan kenā linampah-  
an dūrgga -/-angṛsi cipta mèsēm çri narapati tur andhuluring sang kadi ratih  
4a wanita sira lumampahā dawak pangèran tur dé Ra sunging sepah sang kadi  
smarā lwir kadi pejahā, (1).

wekasan sirā mit mijil ling irā çri bhūpati mené didik yayi mangkata anglang-  
lang kalangun ring pakubonan rimihin sira Pañji anembah tur mijil çri narēn-  
dra akēnā cangkramāha ri sirayin ira lawan sang para putri nṛpati kari ring  
yaçā. (2).

Lōnglōng anawang tinghal sarwwi samarèng tiyang anghing radèn galuh kakangi-  
tung tea hana ngénakanèng hati, (1).

ramyā cangkrama sira para putri kasrepan iki yan mulati siraka yèniris yan  
kanghen polah iriki. (2).

Hus alinggih sira Pañji tan pegat aṇolong panon sang nātha pi tan wruh harṣa  
miyating anamun lara mangki wlasing atindhih agé kapanggih iré-/-ki sakwéh  
4b ing mulatā gunepan awelasing sira sang prāpta anghèl angugung indriya  
sayan kasalondhohan, (1).

anadah çri narapatiakatigan sira hiring ni muwah sira para putri sampun sira  
nadah sa wong ira sama aṇarik tan hana kurangan bhūkti muwah wong jalu ang-  
ring rahadèn Senetan anadah sirèng jabā kalawan sira Undhakan ni harṣā.  
(2).

4b Yan kanghen polah ira sah saking Kahuripan umangun welasing milu kajantakā lah-a linggiha yayi, (1).

ling ira Çri narèndra yayi kawaça ri kalampahana kalangun kaya tan mintara jenek amukti raçmi. (2).

Sira Pañjya Malat Raçmi huni adalan saka lor maring patani kasimpar tan agé andhulu radèn Senetan kinanting alungguh sirèng karang ašti tumoning gambang hanèng pengunungan ling -/-ira glis pèten gambang ikā dèn ambil déné pun Ke-5a/bo Prakasa, (1).

matur yan sira acangkramāha yan maring riki sira Pañji mèsèm angucap angapaha yan i yalah tang gambanga yayi Senetan tumulya gambang muni cumangkirang yayi sirèng ka ping pat sinambut pupuh ira kang kiwā dèn ira Pañji asisih-sisihan. (2).

Kadéyan ira sukā tuminghal kañcit prāpta sang lwir yan ing warāpsarī sira para putri lumakwing huri, (2).

garjjita sang lwir smarā pareng sira tuminghal sira Pañji angangguti sawacana narddhèng sunwā rahi. (2).

Masul siran Rangkésari katuhwa sira Pañji sakwéhing sang para putri asemu-semu guyu miyating semun ira Pañji pawongan ira padha karawit yan angénakāna kari ya anononton wètning halamālam mulat sira sang anggambang kumu -/- lya husan, (1).

5b/radèn Senetan angling asing smitā sapa téki wahu kang harep warahana sira Pañjya muwus dhuh kaya kasalahaning sunāyayi sama gumuyu iriki çri narèndra angajak mangkat sama cangkrama sama adaran-daran pèt rawitniya ya mangkata ukiran. (2).

Sama payung rontal hijo sira sang para rāja putri awuwuh rawit payas ira lelewihan raçmi, (1).

çri narapati hanèng huri ya nganti ing sira Pañjya Malat Kūng kadi smarā kembar ujar ing aninghali. (2).

Suruné angresiyatwi kendhang cināmunyā ris garjjita semuning pawongan sama ngowah tan agaha apèt harsan ira ninghali aningseti madhya ngrawit amirangi wong Pranāraga angeblek metu saking pasenetan angiring tan adoh saking sang nātha- (1).

henti harsaning wong andhulu hana-/-marana raçmin ira an Rangkésarā pantes rakwā lumampaha tan saha ring ngembangan ira Pañji Amalat Raçmi hana gittha sarwwi lumampah wètning harsané metwing gambang kidung angayuh sekar padha ararawitā. (2).

6a Ten kawarṇa kalanglanging margga tang lunglungḥa angalayèng hṇu kadya jaga lumakwa ngdhon karaçmin, (1).

rumawé tang janggut angresi hanéng taru awor lan lungning gadhung kaṣṭuri ang-raras angrembun sanggā langit. (2).

Sata wanā wisik-wisik sajalwistri tumiling tang pakṣi preñjak mungwing taḥen aking kilatning kakadyanononton mungup saking rwaning taru amangun guyuning andhulu pangrapning kararap mungwing wohing kepuḥ malekahā mirah mèsi tung-gal amungu-mungu smarā, (1).

tubān gumuruh kadi ketug jumog i jurang ajro grong-grong/-ring parang kati-6b ban warih siratnya samburat yaya mutéharā sumbur toyanya pandhan ngka ng ring çéla hanonging jurangmambat pudhaknyā nom kembar aluruskadi wentising nganitihi turanggā. (2).

Tandwa kapanggih tang margga ring turun-turunan kajog tur alikuk jrem-jrem a-luyu endhutnyariwdhi wentis, (1).

ingapitaning jurang henti resning tuminghal mandheg sira para putri ajriḥ da-hat miyating margga wiṣṭi. (2).

Maring harep çri bhūpati ling ira héwuh temenāri yènā sira padha awedhi tur dé ra kanti sira an Rangkésari sira para putri kinèn lumampaha sang maha tate-ken banbanṭ lumakwālon ring hurin ira sang nātha padha atuntunan punang pa - wongan, (1).

lewiḥ siraṇ Rangkésari gumeter liwat ajriḥ ingem/-ban dèn ira sang nātha 7a duḥ harin ingsun sampun maras pangèran masā dhawuhā sira Pañjya ninghali siyuh mār lupā kaya angrebutana niskarana tekāngrasā wirang inganti kaya ka-pegatan gambang. (2).

Liwating margga baya lilā manahing lumampah saksana rawuh sirèng rabutphala prasama angaṣṭuti, (1).

Kang wahu-wahu mulatkèndhahan dèning toyā mungwing pucaking gunung kadi sa-mudra langönné tan sinipi. (2).

Wus maring pasanggrahan çri bhūpati halepā çri apen pasanggrahan ira Pañji yanūt kālenira cangkramāng luhur ukir mulating tingkah pṇah anibala ngepung hanèng slewang-slewanglyan mungwing lebak hana ring geger wètan kahalingangḥa rusaking pasanggrahan, (1).

pinarek/-çri bhūpati ring balé luñjuk mungguḥ ring tepi-tepining ranu angra-7b wit kang marek prasamā nom-anomṭ wouten sirā Pañji lagya marṇa-marṇa langöning parwata ndatan pehingan hana anglambang lyan tékang ngidung kañcit præpti Rahadèn Miṣā Prabangça.- (2).

7b Tumurun kalih sang kaṭong lan sirayin ira angling sang ahulun ih tumutur tulèh ipun pareng wingi, (1).

radèn Misā Prabangḡa angling angarekaken sira yayi ing ringsun dhuk wahu ang-rungu ingsun tumutur tumulih. (2).

Karaningsun maring riki harepambuburuhing ènjing sampunira sama alinggih kañ-cit prāpta asajöng lalawuh anadah sajöng iriki surupning-/-rawi aluwaran radèn 8a Prabangḡa dunungan ira ri geger lor mangké tekā gulingpan wurung wongnya prayatnā, (1).

Kuneng Çri narapati sira guling lawan ari ring madé agurah lawan rabi ndan ka-wasita sira Pañji Amalat Raçmi dmunung wétan kahalingan taru lawan pasanggra-han balyā-lita wangunan tamblang danḡta, angrawit mrik sumār rinambat ing jang-gā. (2).

Sira Jaranirarsa lawan Radèn Senetan muwah sira Lembhu agulinging çéla nayanā soring minging, (1).

ndan sira Pañjya Malat Raçmi hosah angengsah anghing kang kahatur margganira parek lan sang paraning hati. (2).

Malah dhalu tan paguling amuwuhi leraning hatiswaraning cucur anangisi pengt-lwangning wulen kadi milu manehing agringtang çamiranā-ris tan panising huyang hosah wuluh kānginananggremek citta kadi -/-pangengsahning brantā katekān la-8bra turiddhi, (1).

wanging çridanḡta mrik menur campaka surabi lwir gandhaning siñjang wahu sah saking mādhya lurus humung tang bhramarā ngisep sarī kadi kakung amisika a-minta karsā pinanggilan taluktak nikalapat kungkang nikagreng aganti lawan swaraning pring bungbang, (2).

Wahwā mrem saksanā prāptang dinā atanghi sira Pañjya Malat Kūng sampun ira soccha gandhā jebad mrik minging, (1).

tumurun asalin dodot maring kasarun tang sabuk ira lubèng lewih mahājaya ake-ris pèrem mās putih. (2).

Tan pagagelang mangkin aniyub hati amekiki lati geseng tumurut wajan ira tungtung jamus anguwah karnna tan pasusumping rahadèn Senetan prāpti lawan sira Jaran Nirarsā sama awastra srebad sinasar warnna molompong sama asabuk déwangga, (1).

samā keris cacaran-/-ahungū rinegèng mās adhi apinggel tula kadi karā aba-gus dinulū asekar anggrèk malaḡi asuweng peplik sira andhaka kampuh tepūsi-9a ngedhekan paparemon kris ira landhéyan danḡta ingukir menggep apinggel kemitan. (2).

9a Ausuweng pepelik asumpang dalima wantah samā nembah ing sira Pañji sang sinembah asemu guyu angling, (1).

kanggo mangko kang molompong tur tekaning kembang ni sekarana amekiki sira Jaranirarsā mèssem angling. (2).

Yan katon amekiki masa sah punang molongpong mèssem sakadéyan ira sira Pānjya muwas ka Jaranirarsā yayi Senetan miluwasira ring kaka Halu wong ingsun pangarah hana ambuburu sahā sahur sembah sira sang inutus tumuli mangkat, (1).

mangétan sira Pañji tan wruh parananiréki wong ira tan akéh kang angiring sa-/-kadéyan ira lampah ira murang-murang margga lagya hules rawitning wijang panebun sedheng rumawuh Sanghyang Arkka angudha ya parwata kadya nung-sung swaraning cinglaragat. 9b (2).

Lurah-lurahing déça tan awas katinghalan dèning awun-awun angalimun kadi jamang harang anipis, (1).

lumakwa ngètan angalor sayan katemu langöning saka hnu anisi-nisi manah ira sang angdhon rasmi. (2).

Patapning dukut anulun bun tinon kadi manik kumusuh swaraning hairtambang alabuh parung lyan tang mili muñcar kumriñcing trusnyā nalaga ngembeng lumbu minggekā nengah kadi añjaga patranya kasiratan warih kadi hatur nawa ratna ing sang wahu pñapta, (1).

drkuku anguku atri munggwing pangning wrksa sumong wrgotphala lwir tajug mās padapaning angçoka kumelab katub èng angin lwir osah -/-olah lungning sikari 10a apagut holan mandhalika dukut mraknya ta pakis ajinyanèng sor ing kawayon pñahing sawung wana. (2).

Ling ira Pañji ah kakā durung bosen uga isun kalangöning ukir iki baya swargga sun matihèng riki, (1).

rurubana sarwwa sinom tangisana dèning sundhari dyusenā riris uduh raras langöné tan sinipi. (2).

Kèn Rangga sahur sembah nalané ta kayéniris dèn i ujar ira Pañji lagya semu semu luh was adoh lampah ira Pañjya Malat Kūng margga hiring-hiring asunut ring pinggiring jurang angrawit dé ra wingkisnya ngrajā singha luyun ikang ngenā angamer lampah, (1).

petungnya pipit lwir rupit apipita tamblang lawan pring hana toya mulakā saking woddhing taru mili mangétan dadya hair tam-/- li hana hair amiwara lwir sang Dyah wahu apulang çih lyan tang tininghalan petung taluktak nika muniya ris asaruhan kasupèksa. (2).



/10b/ Mara sang kadi smarā tekā mendheking séla angrawit soring andhul amatut taluktak muni ring jōng ning wukir, (1).

lunga tumuli maring patanyārjja ngunggul munggi tepining parung tekā lungguh sumarèng tiyang angrawit. (2).

Angapèng ati rujit bewur kalangōning hukir sambalya nglipūra laraning ati awuwuh lara yaya mijilā saking kalangwan amor èng remrem sangkananing rimang dadi tuminghali pandhan wong pudhaknya ngudodéng lalurus kadi wentis winingkisan siñjang, (1).

rawitning dwiredha gadhing wahu sah ing calumpring anuksmā ring mādhyā nggalunggang sèwalan mungging séla lwir Çri nātha awilis/-mangkin tñuh sang /11a/ kasekan ragi lagya nunurut ring nguletan gambang dadakan kalawan pupucukan lesiyati rasanya pupuh baguana. (2).

Tumurun maring sōor ing pudhak kinaryya tikā ingésinan kidung ih moghana maocha ha mené iki hari, (1).

tan warnna polah ira Pañji sedheng bramita ucapen sang prabhuadan acangkrama nglanglangening ukir. (2).

Tumuli sami mijilsira para putri kadi tulis angrawit pinayungan samā akampuh sutra papalonā warnna sugā menggep tinulisā malā tapih sutra kekembang agegelang kanā bhasaja kumram padha suweng patraning andhong asekar kulalattā. (1).

sira amahi raçmi awastra patak sinuji harjja asiñjang paṭawala putih anguwah karnna asumpang sumanāsā wilis menggep apinggel sinangling wingi/-mulan ira /11b/ tan sukā mulati kalangon kètung sira rāman ira puniki lwir anamtami kalangwan. (2).

Duh kaya mukṣa amor èng mulat warnnan ira sang asawang smarā ratih pahyas irā ngraras amulang nguni, (1).

sesrebeng ira cumorot ametat Çri nātha angrawit tinghal i napti harjja sipat alis mangkin angrawit. (2).

Awastra sutra kekembang ireng sinurat ing pinggir asiñjang giringsing sumpati kang kendhit nira warnna séségan sawit apinggel suntagi kalawan apus juwittha hali-hali amata widūryya lan mirah adhikāra apadakā murub sinrang-ing ratnā, (1).

asumpang sangga langit mletuk lawan angcaṇā amrik suweng ira araras angri-mang i twasing wong mulatlatya tumurut manis cumaranang kraming waja radin dhuh tuhu yan tan hana samā-sama linggining kadaton sira/-huripning bumi sakṣat Sanghyang Giri sutha. (2).

/12a/ Atut lan enak çāstra rahadèn mardhaning rāt kukundhangan ira Déwi Rdna Duwittha kadi Hyang Smarā ratih, (1).

kaka kakan ira ndatan gindhal samā wastra hudāraga marempuh Kèn Bayan ananā dhang emban-emban giringsing. (2).

Rabin ira sang mantri sama mangiring angrawit tinon polah sang ahulun anganti ing sirayin ira akampuh sutra wilis asabuk sira pèrem mās randhi kris ira landhéyan garū mās ingukir tiningèng mirah adhikarā daṣṭar ira halus sutra jijinggan, (1).

apinggel kemitan ing ngadu manis tuhwa pekik sang nātha arupatan temang angideri anglanglang kalangon wong ing jro padha sukā samā ngrumpukang sari henti harsan ira sang nātha tekā lungha alampah sang acangkrama maring renah ira Pañji angarang. (2).

Li -/-ng ira sira sang kaṭong acangkrama uga yayi ingsun milu ring ambuburu /12b/ tumuli lungha nrpati, (1).

adum para sa wong ing jro hana ngucap ing kéné liwat alangu tan alarangdhonen ri kang wang ngriñci gurit. (2).

Ndan sira para putri sdudwan parā sing kapṭi sira sama jinalahjahan sira gandha ya rāga amaca lambhang mungwing nguletan ling ira ih rimihin domèh atinggal cinari nguletan teddhahā bhogha amedhar wuyung anesel cipta kaya tan katekāna, (1).

wihacā ginanti-ganti wuwusen sira Pañji Asenetan ring grong kahalingan rentebning petung sarwya matut guntang tamblang pring wong ira sama asenetan ring jurang ndan sira lan Rangkesari jajam liwat karamèn ira tan sah angiring Kèn Sanggit Kèn Bhayan. (2).

/14a/ Dra asana kapo kahidhep tan mēngkané ya sakarā laguning prawirā kinajrihaning bhumi tan sumahur sira Pañji neher alinggih ri çéla nayanā angisapwan sarwya nukmi wadhana lah menengā atmā juwitha, (1).

domèh ipèn isun uni kabalaburan gendhis sira wahanan isun kadya ngipi manira déwa sih ing Widhi tan sipi bhaya welas miyati anahen prih sira uga pangèran mapi tan wruh ih tan awelasing agring kasmarān pupuji ing hayu tan pasingsingan. (2).

Angaras pipi Radèn Déwi anehak jajā anangis asambat kakā-ji sang amatat gumuyu sahā ngling, (1).

nora isun ahulap yan tekā lakin ira rowanging ahurup kanin tur anglungsur was-tra anglingling sari. (2).

Gregeten anganinin sirān Rangkésari anjrit -/- Kabayan duh mating sun Kèn  
/14b/ Bayan awelas andhulu tan wruh réhan é lawan kèn Sanggit ndan sira a-  
maling raçamin ngres acum ning ngaling-alingan maré kèn Bayan angasih-asih  
lawan Kèn Sanggit umalakwing sira radyan, (1).

ling ira Pañji mangga mati ya dadagana reko lawan sang ahulun sama di apa-  
sahā duh satata sirèng sun anti hati angrebuting prang mangkéki pukulun ka-  
tekān paksa manira Pangèran sarwya ngaras payodhara anitir harsā angling-  
ling pakènan. (2).

Rahadèn dèwi anasar anehak malah rusak roman ira sang apekik mangkin sinung-  
keman angarih-arih, (1).

ih kamangkara sira pangèran maras dahat hidhep-hidhepen lakin iréku yaya du-  
rungwruhing saraçmin. (2).

Mangkin ~~eksingxixara~~ agila radèn galuh lagakara gurak-ga/-rik malah çirna  
/15a/ siyuh sarandhuning çarīrān ira Pañji Amalat Raçmin kañcit rawuh sira  
tikṣnāwati kagèt mulat ling ira ih punapa ta polah ira tekā amungpang kah-  
yun prang wadanā adrewé pasanakan, (1).

sasmitaning jejerih kang arabi angrunguha iki masa wedhi apejah lah huwakna  
tuwan sira Pañjya nungkem i swargga isun mati ya iriki pukulun déwa susuhun-  
an asilunglungèng sirā atmā juwitha sira rowanganing dukka nastapa . (2).

Tan wruh ujaré tikṣnawati ya yan awelas ing hati angrungu ujar ira sira Pañ-  
jya amalat raçmi, (1).

anghing kémengan dèning tangis sira an Rangkésari gumeter sawètning atakut  
tan paswara dé ra anangis. (2).

Sira Tikṣnawati angling punapèng ucap malih polah ira puniku pan masa lu-/-  
/15b/ putāsira dèn ira an Rangkésari anghing ta panendhaning sun sira angan-  
ti aparèrèhan dé pun kehintang sira ramahan ira saksat sedharmaning amimi-  
sanān, (1).

yan wus anahur punagi sira nekaken kāpti yan abanguna yuddha pisan sira Pañ-  
jya nuhun kèrut dèning wacanā angrengih ling ira sira ugi kawruhana rasanya  
tin ing sun dèn ateguh ri pasamayan ira tur angunusi kalpika sakawan. (2).

Déra agé kening sirān Rangkésari iki maka pratalining sun hali-halin ira tan  
sah iring sun yayi, (1).

pangantingsun anganti pasamayaning ira tur angaras awanti-wanti duh mās ing-  
sun tan mati ing manira kari. (2).

Lumungsur Rahadèn Déwi mara ing sira Tikṣṇawati kinanti agelis lungha sira Pañji mangu kadi salangssang rakwa -/- sira kang asung atma lan tangis ma-  
/16a/ lah adeles babasahan kèn Rangga prāpta asemu kēmengan ring hati hayan-  
ing alaku walat, (1).

sira Pañjyā lon angling paran rasanana malih mangko prayogan ing antakā  
sasmitaning durung tekā ring don anggarap-garap anggā sanguwaningsun mati  
sakadéhan ira kēmengan Rangga titah jiwa matur sahā sembah aron si pukulun  
sampun aganal. (2).

Ling ira Pañji nora isun yan mangkanāha anghing karep ingsun anganti huyu-  
ngan né kang adrewé rabi, (1).

pan yakti hana warah sama acecepatan kamayangan isun mati duh bagé ya ame-  
nanganā jurit. (2).

Seh saking palinggihan sira Pañjya lumampahā lon ranyā was karungu swaran-  
ing wong ambuburu mulu sira am-/-borosi sampun ta sira mangkya papanggih  
lawan sira Jaranirarṣā wuwusen sira sang acangkrama sama alinggih amarna-  
marṇa kalangwan, (1).

sira an Rangkésari ten mari marasing hati lalara dé raka wus lagya linggih  
/16b/ing karang liman anemburaken warih kadi sahung kañcaṇā sekaring asañā  
agelaring siti sira para putri aparekā alungguh ajajar ring séla samipa  
toya. (2).

Wong ira samā lungguhing lemah harṣā mulat ring rahadèn galuh lönglōng lu-  
wir mukṣā amor èng langön ing ukir, (1).

hana tanya-tanyā marggan ira semu karuṇā awarah kang wruhana semu guyu a-  
marṇa polahing uni. (2).

Ndan sang winrtan angucap ih kèlang-élangan mangké ingsun nora wruh angapa  
iki baya nora runtik çri narapati angrunguhā po-/-lahira Pañji hana ngucap  
/17a/ih pindho gawé sira paran karen ira runtukana sumbali masā tan panggih  
akenā, (1).

henengakna iriki ndan sang ambuburu ranyā asiran-siran anuduk angeris liyan  
hana matang hana mañjangan anukani twas umyang swaraning añjing harṣā sira  
para putri tuminghal kang buruwan angungsi pasanggrahan hana sakawan tin üt  
dening sonā. (2).

Kagyat sira sang para putri mulati mrggaha kang marek bubar awedhi awor su-  
kā hana ngungsi patani, (1).

liyan ta amanèk kakayon padha awurahan sirāji malayu prāpti lawan sira Pañ-  
ji Amalat Raçmi. (2).

Sami tumurun saking turangga anambut dhukdhuk agelis tumuli dhinuka pati katuwon si pantes ira Pañji antuk kalin repati antuk sawiji sa-/-mi pejah /17b/ kang sawiji mangsul dadi kapapag Radèn Prabangga punang buron dhinuk saking turangga, (1).

pantes solah ira dinulu tuhu wisayèng buron polah ira semu kangèlan tumurun sakèng kudā araryyan siré hebning cindhaga sinéngan dé nṛpati pukulun lah mari riki ya prapta tumuli sarwya nglungsur bhasā lan wastran ira halus nīlā sarajjā. (2).

Sabuk ira sutra patāwala alandhung kris ira trap-trap murub akemit tuwuh atoh parem sutra wilis, (1).

asuweng jenar amantesi asumpang kulompok tangi saddhā lumbha sama jeneng katiga ri heb ning sulatri. (2).

Rahadèn galuh angling aduh yayi sukan ingsun henti akèh temen wong tibā siningating mandhingan ling ira çri bhupati lewih pacu ingsun dèn ipun lembu mē-/-dawuh hatinempuh dèning kidhang gumuyu sang prabhulewih mahu iriki along amanékā kaywan, (1).

mèsem sira para putri anghing sira an Rangkésari henti marasing cipta tuminghal ing sang walat keteg-keteg ira sumamburat lewih ta sira Pañji pan nora ujer karungu-rungwi anon panon wong ing jro ndan ling ira nṛpati kulèhèn yayi Kabayan. (2).

/18a/ Tekā sumyang twas ira Pañji lwir kawruhana apuwara hisin-isin andhulu mangké sira Tikṣṇawati, (1).

Kèn Bayan matur ing nṛpati tinampeling pacet sira pukulun mèsem çri narèn - drā ndhulu ing sira Pañji. (2).

Liwat déné jajerih harin ira iku yayi malah awenes sacum sira Pañji tan sumahur awetu guyu ing hati dèning sinamar-samar mangkin kagilā-gilā duh sumba/ /18b/ li karenan lagya nolong-nolong andhulu malah lalihā hana sira sang nātha, (1).

radèn Senetan prāpti sarwya anuntun tang giling alit sira Jaranirarṣa tekā amondhong anaking burwan ling ira nṛpati ra Lembu hana ring endhi sumahur sira Undhakaniharṣa dèrèng awusana amburu kidhang doṣān ipun rekyang lumpati kudā. (2).

Mèsem nṛpati radèn Prabangga gumuyu sira Pañji adoh wijil ling guyu tan hana ngénakan éng hati, (1).

mèh andharanā ngret i kāpti kayā nambuta asarā ngukuhing hati dadi menggah tan wring rèhaniréki. (2).

Ingambil dé ra nrpati anakan ing burwan ling ira lah ta yayi Senetan sunga-  
knā drewèn ira ring sang awedhi pacet ikā lawan buron katur-/-ringgit padha  
/19a/garjjita punang angrungu alungguh padha ngulati renah, (1).

Sira Pañjya Malat Raçmi dèrèng sira aguling tontonan kadya huru jangga kadi  
apangantihā samayaning sawètning pègining larā tan wruhā angret i kapti  
prāpta Kebo kagringan matur anembah pun Kebo Tan Mundhur pangèran tineddhā  
kinèn anwayanga. (2).

Mèsem sang kadi smarā ling ira konen uga Mahisā Tan Mundhur angling sapa  
baya matura ring nrpati, (1).

Kebo Katerangan mejar ki Mahisā angkawā kaki huni matur mangkoikang asaged  
dènya masang kelir. (2).

Rangga Titah Jiwa semu guyu lah mangkata malih lingé Kebo tan Mundhur kakā  
awirang pon ingsunkatuwoné Kebo Wangkawā ika radèn Senetan angling lah marek  
ming jro kakā tur kinanti mareking çri narèndra Kebo Angkawā semu gu-/- yu  
/19b/(maring sira an Rangkesari dadi sang nātha angajak mantuka mangkat si  
angucap, (1).

Nrpati malayu anganti sira Pañjya Malat Raçmi ling ira kulé sira yayi sari-  
ran ira sumehur sira Pañji rining kukuwan antuk puniki mésem sira jaranirar-  
sā duk prāpti pasanggrahan sampun cumadheng pasasajin ira tadah drwawina.  
(2).

Pepék punang anglawani samā huru ramya guywan-guywan anatur-natur, polah i-  
rā mbuburu huni, (1).

aluwaran surupning rawi çri nara nātha maringari amuwus lara dènya wedhing  
pacet wong iki. (2).

Sun ananggapa ringgit mangkéki harep sira yayi magut sirayin ira kang mahi-  
sā Katerangan Kebo Tan Mundhur sèngin gelis maturā yan sun tegarana angwa-  
yang sinenggèh bhisa angringgit -/-hayu angucap. (1).

alekasa dènagelis héna ingsun anggèndhèri sang nātha semu guyu iya iku matu-  
ri iring sun déné angalem kapati-pati suka kadéhan ira çri nara nātha tumu-  
lya lekas anganggo papatèning sang bhima myuha kya nangis kang anontonin  
depā. (2).

/20a/Angalem sira sang katong bhisa dènya ngwayangbañolé anujwing hati hana  
ngucap dreman temen i Sanggit, (1).

bakalé swami wageda gunā isun ta alaki ya kaki kumasa ananggapa aywa angwa-  
yang manih-menih. (2).

/20a/ Sumahur alon Kèn Sanggit ih sapa tan pawèh mangko konen angwayang sadinā wong bo hidhepan temen siréku nini gumuyu kèn Sanggit mèsèm punang wong tuminghal tumulya wusan ginañjar ri kalphika dé ra sang nātha Mahisā ten Mundhur-/-angling aneddhā, (1).

/20b/ ling ira Çri narapati karangga jalada mangko agantya wayang caritha tumulya nggalgal rahadèn Senetan raspati angguntanghèling sira Pañji ling ira ih kakā Rangga anonton wayang yayi Jaran Senetan angguntang ikā endhi ta kakā Undhakanirarsā. (2).

Matur Kebo prakasā yèn alara huruk kalawan sira Lembu baya huru harak puni-kātubing laroh, (1).

asalin wastra sira Pañji çrebalusluslan tinulis arjja ganhdha minging sabuk ira pèrem mās kang tanghi. (2).

Malèr kris ira wingi açreben sutra putih apanulanya hidheping hidhepan nrpati malayu ingimba polah iréki tumuli mangkat dadi kapapag sira ta rahadèn Prabangga lali tan awas pan peteng sumapat sira Pañji hèling yan radèn//21a/ Prabangga, (1).

Rahadènalu angling sapa iki kaya yayi aji saking ngendhi sira wengi mèsèm sang sinapa dèning sinengguh nrpati Malayu sahur ira haris pukulun saking pun Pañjya Malat Rasmi ingsun kon angwayanga dadi rekya lara huru sampunanidra. (2).

Ih yayi ajā walang hatin ingsun ring sira sampun dahat tahu-tahu sumelang a ring Pañjya Malat Rasmi, (1).

sawètning ta dé ra pisinggih atur ingsun pinaka wiranging sun pan katon dèn parasā-rasāning rerepi. (2).

Kadéyan ira megeng guyu sira Pañji angling anghing kémengan ingsun dèning pun asih i ring sun mangké ta pukulun lagi tinindhā-tindhā apan saywakti sasamaraning anamar semu kawon ugi sandhikan ira sun amisinggih anghing sampun kataragal, (1).

lagi ku karepingsun sanggup yayi tan sangkaring-/-isun akonampag-ampaga lamun sira wikana yèn tan tahu tur ya pasanakan candhalané dèn usila kantuna yayi sun mantuk sampun lungha radèn Misā Prabangga Kebo Prakasā gumuywa laklakan. /21b/ (2).

Ling ira Pañji pacuh dèn ira gumuyu ih liwat sukaning sun baya ahuru mantangé alara paling, (1).

hèmané norana kaka Jaranirarsā lah hugèngsun bésuk wrttaning sama sukā sawong ira Pañji. (2).

21b Maring pasanggrahan anuli mañjing Çri bhūpati wus anidra sira para putri wontening mādhya anononton Rangga Jalada ngwayang anganggo lalang kondhalang jaruman rabdhen Senetan garjjita mulating sira Pañji Amalat Raçmi, pukulun lah angwayanga, (1).

nora bisèngsun yayi karaningsun rawuh kadi ingawé twas sang ngrungu guntang Rangga-/-Jalada ngucap lah ta Radèn pakan ira angwayanga ling ira Pañji lah 22a warahana isun kaka Rangga asahur sembah Rangga Jalada tumuli alungguh sang sawang smarā. (2).

Angañjali pandahem angrawit sarwya ngédung klir sari swara lwir gendhis prapañca punang wong ainininghalin, (1).

ih sapa tèki agantyani angwayang hana ngling kaya sang prabhu pan adastar ptak ih dudu iku nini. (2).

Iku ta Çri narapati aguling lawan hari ih sira ta wong Prannarāga kapwa ngwayang iku ta malih rupa ngawiwengya dastar kayā ratu saking Smarā bhawana ih kamangkarā swaran ira kayā ngalapana jiwaning hurip duhka ya angédanāna, (1).

ndan sangawayang amañjang lagumili ring jroning keliratūt kalawan guntang anutugaken sira alalakon dhuk samayèng taman kèn rinengon lawan dalang jaruman -/- mené latri saharas bisan ira lingaken karuna lwir kadi awetuhā gulā drawā. (2).

Pangidung ira mār malon mañjangan salewang ginirihan reñuh hati kadi tinangis ira Çri bhupati, 22b (1).

pan masané duk ta prāpta yayi Kabayan kèn Bayan amuwus wahu pukulun prayan ira nininghali. (2).

Pun Rangga Jalada midi angringgit mèsèng Çri bhupati duh henti harsān ira lagi anangis suruh ring sira an Rangké sari sang tinangiya api anidra kangen polah ira uni dènira gila henti harsaning wong anininghal duk tekaning sasmarèng jro pamreman, (1).

bhisan ira ngadoni çrenggara kasmarān punang wong hana angucap duh sama hèn-dheha pangrumrum ira i sang rāja putri bisa dahat dé ra mangun guyu-guyu Tètèp Semar hanèng longan ambata rebah punang guyu Çri bhupati pacuh kalawan Kèn Bayan. (2).

24a - - - - - mwang jajahan ira sampun mungwing pucuk kañcit rawuh sira Pañji Amalat Raçmi. (1).

Awusani ka ping kalih sarangā gamel ten pangling tur asemu rengu sira Pañji tekèng hati. (2).



/24a/ Anusani ka ping kalih sarangā gamel tan pangling tur asemu rengu sira Pañji mangké angucap sumawon mangko sedheng doṣān ingsunyan tan padha ling-eling katinghalan anulu ingsun tuwan ling ira déwi andhaya pranāparan sangkaning bendhuhā ring sirā, (1).

ah aja tekā malih sapa amada midi balik yan katonan riking hati gumuyu sira Pañji Amalat Raṣmi wong iki uga kapo tan asih i ring sun tur dèn ira pekul duh ingsun uga kapo asihing sira sira Ndaya Pranā nglapi harsā. (2).

Ginanti-ganti sira para putri ingaras kembulana isun tuwan ucapa legā méné kang hati, (1).

angres twas ira ring sira -/- déwa nawang hulan awenes akuru mangkin ahayu nukṣma rarasing tulis. (2).

/24b/ Sira Pañjya Malat Raṣmi lunga maring salu kulon tan pacucul sabuk hanèng kèngis ira nawang hulan sang sinèngan asemu wirang sira para putri sama mantuk sirèng pagulingan ira kari dawak sira nawang hulan sira Pañji tekā nambut angemban, (1).

mungghing jinem mrik minging tekā ngisapwan ling irā ris apan wrun asemu wirang wruh ingsun kalaran ira pukulun duhka tuwon sira nini kawawa wong kadi branti mrdata sun larā sepatakna manira lamun pejah sampun tinangisan singgih mās ingsun hari pangèran. (2).

- - - - - sahur tangis mar ma sira Pañji angusaping luh sret ni wuwusnira bisa metu-metu sih, (1).

tan warna tingkahing karaṣmi wusning saharas aguling pisan malah wengi angringringa lap sot tan tekèng ha-/- ti. (2).

/25a/ Wuwusen sirāji Malayu ingaturen sira yan ḡri paduka matur tan sah lawan radèn galuhtumuli mangkata mor ing paliwraning akemiting yawi sampun prāpta ring Kamegetan Rangga Jalada tan sah ndan rahadèn galuh sampun mungghah sirèng pagulingan, (1).

kaka kakan ira kemit asuwé ḡri bhupati anganti sirepning angrakṣa tumiba dawuh pisan maring pagulingan ḡri narèndra mar mangisapwan sira ratnening rāt kagèt gumuling atangi ketek-keteg lumrahing jaja kagèt kèn Sanggit kalawan kèn Bayan. (2).

Hèlinging ḡri narèndra lingé aduh luhung si pukulun yan tuhu rowangan ing matya hurip rahadèn dèwi, (1).

ling ira ḡri narèndra ih kamangara sira dé rahati ring sun ajrih yayi baya ingsun mati rimihin. -/- (2).

/25b/Lungha Kèn Bayan Sanggit Çri narèndra ngarig-aruh lah menengan pukulun balikan manirè suguhana Pangèran liring amanisa cadangeningsun sumirit mās ingsun déwa susuhunan ajarening sun dhuk angrunguha teka pinuji sireké kidung manira, (1).

sipi-sipi laraning kambuh alah lara kang rimihin ingsun pangèran lewih duk sampun katekan kadi angureeana jiwa nora ngénakana anghing marekā dukka bagya pejah tur aguling akening tilam radèn galuh anggrita saranga nini jaja. (2).

Çri narapati angrerengih paduning sinjang angidung tan açru sumaguna witan swarā ngresaken hati, (1).

sampun acungking dahat Pangèran apan puniki sangkaning sun tan olih hèwuh alara anangis tuwan déwi. (2).

Ri sampun ira sarçmi leswā nglih radèn déwi Çri narèndra anambut--anungkem /26a/ miwadana duh pangèran leswa sira hari pukulun mingé radèn déwi siniñjangan mangké dèn ira nrpati asèngsèng sira ring Kèn Bayan kakā añjaluking sun toya siram, (1).

wontening pagandhan pukulun mara Çri Bhupati dinyus rahadèn galuh pinanibaken sabuk lubèng kawot ginandha burat mrik mar tan sah ing pangkon sinung sepah ling é kèn Bayan patik Bhaṭāra yèn angangen-angen èpuh punapā wekas ipun lakwiki baya. (2).

Sampun ta ramèning wus katekàn dèn kètung pukulun punang kèwuh raṣa-raṣanana kang amanggih abecik,<sup>(1)</sup> paran rāsanana kakā Bayan pan masā sukāha sang hulun yan lungha nglayat gèndhing ungsinen niki. (2).

Duh yadyan sapananan ingsun kokih dé ra Pañji ika ta lamun kètung ameteng i ta twas ingsun--ih katuwon déwa iki margganing sun mati tumpur sahisining pura apan ingsun Kabayan masa suddhāha kang hati mula tuwan déwi sira akarma laling lyan, /26b/ (1).

sira ta māsku hari hayunā krama amalihing radèn Miṣā Prabangça bakal lira kakung kèn Bayan Kèn Sanggit ta gila-gilan semitaning putriyadhi yan ten karsaning manira pipindhan kakā swapnā ika guguyan margganing wuyung halus èng wekasan. (2).

Ling ira çri narèndra hana wong kaswāpnā rika kramen ira radèn galuh sapa wong é reko kang sanggit, (1).

lingé Kèn Sanggit tan karuwèn sangkaningpun nenggèh saking karang tohpati ratu asemu guyu Çri narapati. (2).

Angaras aningset pwa mekululing ané wus rimihin atmaning sun pangèran  
marekèng sira duh mogha sihing-/-ri sira sampunana dèn ira Çri bhupati hi-  
27a/dhep sira mandutitiiyang anghing radèn Prabangça masa suddhā aruntik  
radèèn galuh asemu koyangan, (1).

lumungsur saking pangkwan çri bhupati angeman ring pagulingan tan warna  
polah ira kangken karṣā sampun sama aguling tumibèng dawuh sapta atangi  
angrumrum sarwya mit lagya middhi amalampah sepah apralalu radèn déwi a-  
sung tinarimèng waja. (2).

Umulih mijil Rangga Jalada hanèng jabā duk prāpti karang aguling pamengkang  
hawan sira atanghi, (1).

tan warna pahyas sira sampun ananangkil hènjang sira ji Malayu ndan wuwus-  
en sira Pañji amalat Raçmin. (2).

Wontening wijil ping kalih alingghing gigilang sor ing pudhak anempal si-  
la wastran ira wungu sarasah asabuk limar wilis kris ira landhèyan kasihan  
wu-/-ngu apinggel kemitān anguwah karna asekar sumasanāsa wajan ira geseng  
latya ngatirah , 27b (1).

tan akèh humarek ling ira endhi enggoné si wujil ingundhang agelis prapta  
mendhek anembah tur sang nātha pinarek ènjing anenggèh angadu prang nrpati  
Malayu sampun anangkil sira Pañjya ngucap asungkan wong marek atur anulis  
pudhak akaryya tikā. (2).

Winalunen padhapaning jring angunusing Gegelang kamituwuh ingisèkning layon  
sumanasā putih, (1).

lyan ali-ali sasarudhira wus mungawi sumanasa lah iku panamun kung atur ri  
seng sang asawang ratih. (2).

Pun panamun kung amit Rangga titah jiwa angling dèn wruh ing semu sira wujil  
saksat mara ring gowaning mong pun wujil sampun mangkat çighra prapting toh  
pati siran Rangkesari mentas anadhah pinarek sira ring tepas kilyan anghing/  
28a marek sakakā kakan ira , (1).

pun panamun kung prapti atur kétakā tekā wot sari matur yan saking sira nr-  
pati Malayu ingambil dèn iran Rangkesari winedhar héling yan sira Pañji  
maras binuñcal punang tikā tumurun maring lalangan sira mèsèm Kèn Sanggit  
kalawan Kèn Bayan. (2).

In saking ndhi tikā iki tur dèn jumpat punang pinggel katemu lan simsim  
tamblang dèn waca lan Kèn Sanggit, (1).

sambat-sambatning kari brangti kahyuning cittha rasani lambang tumuli kidung  
raja samaya tuhwa ngrawit. (2).

28a Tinungtungan wecana mrik duh déwa sang mūrṭti ning rawit raras laras rum amisani twashing prapañca punapa wekas manira pukulun lwir mati ya kingkingalal kung tan long anganti samaya dukka ya kahalangan āntaka hēnak ma-  
28b ti èngsun duk ing parwata, (1).

nānghing nganti-anti pan temahaning branti lwir cantakèng katiga apti-apti aminta jawuh upamaningsun maskwa ri duh baya ta sira api laliyan sampun mungwing kisyapwaningsun atma jiwa dèn tulus sanggup ira yan angratakna raja samaya. (2).

Sun baktan ipun mungsi ya ing pasar parwata tan ajrih katèngsun ngrarah ning gunung manggih tan ajrihing pati, (1).

anghing si malih tuna raçmi wiyos janggala panenendhaning sun déwa susuhunan hureman ira singgih. (2).

Layon sumanaṣā putih kahatura cihnening sami wikan wangi-wangining pipi walan kalpika kaliliran saksat saliraning sun kaserahing sira sampun ya maca kèn Sanggit lawan kèn Bayan awelasing asuwè tan pangucap karasa hā awetuaning ujar, (1).

kèn Bayan angucap mahati-- rantik aduh kamangkara sira dé ra malampaha ring sangahulun kaya atingkah bondhan tan jawi norana kètang sadidik awelas hulahingsun adrewé tuwan sira sang alaki masa angura wong adah dahat ta pa-  
29a sihsihan. (2).

Manawa malih polah irèng ukir rika ngrasé ngilonana amungpang kahyun ih ta èngsun milwing aṅjuti, (1).

sangkaning sang nātha tan winèh angrungu apan yakti masa rep ahuripa wekasing wirang si lakwiki. (2).

Kèn Sanggit anawuri lilā yan pejaha sang kaṭong i kongang rikā radèn déwi ten tumūt lampus kang alaki rika tan abélahā kahula kang kayéki katenger yan harep kari ya lah wasaranan sira matura uga sabha ri Kadhiri lawan Janggala, (1).

sampun lungha pun wujil Kèn Bayan gumuyu lan Kèn Sanggit ling--é kèn pangu-  
29b nengan duh awekas ing sun kamangkara dé ra angucap ira wujil ikā semu tangis baya wirang gumuyu kèn Pasiran lah didin ira rahadèn Anusapati lamun angrasā awirang. (2).

Pan runtik kang hati tumon dèn iran jajamah arabi aṅjajar putri sure kanya ta sekara karong raçmi, (1).

lingé Kèn Sanggit aduh mongkono ta ing sun apan asā hatin ing sun kakèhan marū tembé sira radèn déwi. (2).

29b Kawuwusan pun wujil was mareking sira Pañji sahya jar-é Kèn Bayan lan Kèn Sanggit sampun katur mwang polah ira an Rangkésari ambuñcal tikā semu runtik mengkya wirang manira pukulun dèning ujar Kadiri mwang Janggala sa-taandhing tan sahur sang inatura, (1).

lōnglōng sumaputing hati wirang ametengi panon anibā kahantu -/-Kèn Rangga 30a gipih atulung anundhang sakadèhan ira lara anangis amijeti daya duh déwā ngililira pangèran kahula angamukéng Tohjiwa punang kadèhan anangis a-lara. (2).

Ndan sira para putri sama welasing aturan yan kahantus ira Pañji sama ataniya marggahan ika pati, (1).

sama nenggèh tan wikan ling ira Nusaharsā anglayang lawata puniki ling ira sira anawang çaçih. (2).

Ih kaya awirang posingsun sira añjaya prana lingha rèh pan dudu lalawaden geringing iku mandha ahuyangé yan tuminghala i wong wadon duh anghing awelas sugandhan sira sang ka antaka anglilir menggah angucap soca kañcit prap-ta sira Jaranirarsā, (1).

kebo amekul ih ih pukulun punapa polah irèki rahadèn ingsun lah sampun pati-lara tuwan anangis si-/-ra Pañji alon angucap kakā paran gawèn ingsun yèn awé-ta geseng alara sami awirang betah dahat andheleng wong awèt kawirang-wi-rang. 30b (2).

Angen-angen ingsun ring nguni angrebutèng prang was karanan mangké iki was karuwan ujaré yan tan apti, (1).

yadyan menangana ajurit wadinèngsun katawana dānisun yan tan pahyun was ta maka paraning hati. (2).

Wong ira samē nangis tan warna polah irèki sang angarang wijil pisan prasi-ddhā gring tan wedhar tan andheleng pawèstri anghing pejah hèki lali guling was layu lali saliring pamūktyan tan sah sira jaranan nirarsā tunggu mwang sakwèhing wong kapracaya, (1).

tan matur ing nrpati pan tan pasung sira Pañji tistis asamun punang karang ing Prannarāga polah iki bala padha kampegan citta asulur awekasana tumpur karang-/- toh pañatra brasta pisan sira Pañjya megeng wajar tan hurungana abanguna yuddha.- WI .-

31a Henengakna rumuhun ndan gentya ning wacana nrpati Kahuripan wonten si-rèng Kadhiri akarwan lara Çri narèndra kalawan sang nāthèng Mamenang nāgara suniya tistis tan lipur kalarening wong,

(1).

31a wonten sira sang ahulun ring Jagaraga milwi nrpati ing Janggala pan li-wat dèn ira sih pasanakan sangkan anon trsnaning amitra mangga nūtakna matyé-hurip wonten putran ira roro. (2).

Sira sang panuwa tuhu Dyah Suputri sanganak çāstrea sira nrang kusuma sira sang hari lanang tuhu abagus ramé ing buddhi sulaksana sang awāsta Kudā ngri-mangi kadi tingkahing panghalasan pasawitan ira téki dèn i baktin ira ing çri nara nāthèng Keling, (1).

nrpati ja-/-nggala awelas tuhwa sih kadi atmajā dé ra tingkah pan maka pang-lipur ira ing sang atinggal lara sampun téki sira angrungu yan Radèn Misa Prabangga hanèng Gegelang arabi tekā ngrasa welas ri narapati kèsti sih ira mangun kembenging aksi. 31b (2).

Ndan sira Kudā ngrimang ing ingutus dé ra sang kaṭong maring nāgarèng Gege-langangaturana ing rahadèn Prabangga kéranga pisan saha stri sampun téki mangkata tan kawarnèng margga anginep kalih dina prapting Gegelang hènjing ring ganter sira araryyan, (1).

ingaturan çri bhupati yan dhatang radèn mantri Jagaraga ingutus dèn ira nr-pati ng Janggala angundhanga ing radèn Prabangga tumuli sira mijil pinarek-ing mantri açri kadi tulis wastran ira sutra mémégan menggep dé ra sabuk gringsing wirama. (2).

Kris ira adhi kumram dèning mās-/- kuṣiya rāga nayakaning anting-anting se-kar ira angrawit tangguli gèndhing, (1).

32a sama lawen wiragā tuhu prabhu utama ling ira lah ta atur iraja putra Jagaraga dèn agelis. (2).

Juru panghalasan ingutus ndan sira Kudā ngrimangi hanèng jabaning taman an-jeneng sira ri hebning sawo angrawit wastran ira kayen jenar rinūkmi asabuk giringsing angajap tawang kris ira alandhéyan wuwungan pinggel kemitan aso-ccha mirah, (1).

kinanti lawan jaga çatru hali-halinang ahijo asumpang tangguli rakta anting-anting lulut laṭi amirah waja cumaranang apekik tuhu açri rūpan ira akèh wong ira mendhek kañcit juru panghalasan prapta pakanira marekā reké tuwan. (2).

Mangkat sang inaturan anunggang kuda pṭak pinayungan abagus mungwing hayun akwèh punang amamandhi, (1).

ujaring wong anononton-/-apekik tuhu sang raja putra iku sahirib lan radèn Senetan warana iki. (2).

32b/Tekaning wayah sasmi anghing radèn Senetan acaring prana sasolah ira iki ta akung anghing pantes ramé ing buddhi sakwéh ing mulat hars nda téki sira kuda ngrimangi prapta ing harep tehera sang nātha sampun siréki kinèna linggiha sahur sembah, (1).

ling ira çri narapati baya agé ya sira yayi paran karyyan ira puniki kaki rawuh sang inujaran sumahur pan kinèn angundhang çri bhupati kinèn atugura sasomah ling sang katong ndi nggané kaki Prabangça aturi warah yan kinèn mulihā. (2).

Wus mangkat kang utusan asuwya nganti pan radèn Galuh amayu sira tranging wulan lagya linggih sumadhing, (1).

matur siré ngan ira yan rahadèn Prabangça ingaturan maring Keling sira tranging -/-çaçih amuwus aris. (2).

33a/Rahadèn mantriya lut angiling ira tranging çaçih sampun dèn ira turu-ehyasa sira ahamiya anenggèh saking Keling ling ira Radèn Prabangça sapa tekā ikā matur kang panghalasan yan radèn Hino ring Jagaraga hatur i mantuk rikā pakan ira, (1).

radèn Prabangça semu gipih asoca ababresih wastran ira bunghalan pṭak sabuk-ira halus gringsing wadon salasarjja kris ira landhéyan tari awalagri mirah anguwah karana apinggel kanā angrerepā ri pangkwan ira bima laku sinangon gantyan. (2).

Tumuli mijil akwèh kang angiring prapta ing harep sang ahulun kinèn alinggiha sampun sama alinggih, (1).

ling ira çri narèndra inguandhang kaki sira mulih anakingsun angarti andhika kaki ta kinèn mulih. (2).

Ling ira kudā ngrimangi singgih puku-/-lun amelasaken sira ramahan ira tan 33b/hana panglipura lara mangké hanèng Kadhiri kèrangan sira sahèstri dèning sun ling ira radèn Prabangça duh ingsun kangening çri narèndra anghing mangké isun masa muliha, (1).

lamun wus angiring ngiring mangidul ingsun mulih meneng sira kudā angrimangi ndan kañcit rawuh nrpati Malayu awastra kumram tepus jingga angrawit ingendhekan asabuk gringsing binang kris ira abusaṇa murub apinggel kemitan apa-numbuk mirah. (2).

Asekar su.ndha sadā ngrawit gagampang ira semu wilis asuweng papelik anusah pranna geseng ing laṭi, (1).

sira Kuda Senetan awastra rwining pandhan menggep amarempuh kris ira sinurat awarṇa hudan riris. (2).

Asekar manguneng estri asuweng papelik rinū̄kmi agegelang kemitan ten sah si-  
ra lebhū Açri kang angiringiring sang nātha mapaging smita a-/-linggih awa-  
/34a/ rah yan Radèn Prabangça kinèn mantuka maring Koripan nrpati Malayu  
asahur sembah, (1).

hentyarsān ira ninghalin sira Kudā ngrimangi ing sirāji Malayu ten pegat dèn  
ira - - tumuli dhatang pananaman ira lep açri sawos saking rahadèn Miśā Pra-  
bangça anadah sajöng sang prabhu kabèh sang mantri anglawan ing sang prabhu  
sang nātha. (2).

Ndan sang i Pranaraga sampun siréngaturan abasahanglut tuhu ten wruh sang nā-  
tha yèn sira Pañjya gering, (1).

kinekesan sakwèhi wong saking Keling acihna katona dé sang prapti tutut teka  
wong ten hana mewtwi jawi, (2).

Pan sira Pañji tan apti mantuka maring Keling prasiddha ta sira nglampusa  
panudahan ira wirang sang tinamin-tami winahan suka wus pinasalin ten kantu-  
na nggon saparangkataning angiring sing sinung wastra makadi saking rahadèn/  
/34b/Prabangça, (1).

açrang tang gong dadali lan tatabuhaning aperang tandhiking harep sira nrpa-  
ti samya suraking angadwaken ten pegat kanglarik mwang lalawuh akya tindhik  
lingsir sampun sira luwaren sira sang wahu prapta ring Ganter dumununga mas  
tirakwa nginep sapsasar. (2).

Ndan kañcit prapti sira Jaranirarsā puheking hati puhara nilib sapriyan ira  
sama ngiring-ngiring, (1).

ndan sira sang pinaren pinareking patih asemu kagyat duk rawuh sira Jarani-  
rarsā tumurun tumuli. (2).

Pam wus iki apapanggih apan kaprenah sanak amisan ling ira ndi sangkan ira  
ta pukulun kaka Hino alawas tan mulih sira Jaranirarsā ngling mèh palinga  
ingsun yayi ing sira tur dé ra gamla astan ira sama sira lungguh pangkwèng  
patiga, (1).

karaningsun yayi prapti anilib ka-/-kèwuhan kapetengen dharyyan i sun dèning  
/35a/ mantri ing Kahuripan tan anguliha puri singgih kang kakyating rat'ah-  
yun miheran Pañjya Malat Raçmin matura ta sira Çri narèndra mari riki ya lan  
sanaké daha. (2).

Sira Hino ing Daha sirāji Malayu pedha tan mangga mulih èng bhumi dèn ènggal  
prapta Çri narapati, (1).

lagya bibisik jati dūrggamaning laku abébéyan tan kéwuh sira sang winrttha  
atebah jajā angling. (2).



/35a/ Duh kaka kadyangipi rasané hati sawèt ning awelas miyating sirā nrpati Janggala kalawan nrpati ing Kadhiri lah siha heren isun mareking sira tuwan mantri ling ira duh sampun tuwan i ngwang mari riki anolong lumuhing sun aja suwé hā,

(1).

lah si kantunèng sun malih tur sira ahurup keris malih sira Jaranirarsā ndan sira Kudā ngrimangi mangko mantukā -/-harep ira tan sinungan dèning /35b/ bala adulur amilèng sang natha wus wengi aguling kawuwusan ènjing sampun ira hyas mareking sang nātha.

(2).

Amit mantuka tan sinèngan dé ra sang nātha sang sinayutan amidhi matur yan kinèn mangsula tumuli,

(1).

wus amiting sira radèn Prabangga tumuli mangka asemu gupuh ujaring wong duh durung awas aninghalī.

(2).

Wuwusen sira Pañji sayan mrating agring angreahi warnna wus alayu malah kurang-kurang tutur wong ira padha semu gipih tuminghal dèning warnna lwir kadyanggaruha hurip ira para putri sama anglawad agya mulating agring sama asemu waspa,

(1).

sampun sira sampun sama linggih hiringen ira Pañji ndan sira sang linawad mangkin kalara kagugu mulat ing sira sang para putri pan masa tan milu héki paratra aduh tan pedalan mating-/-ya sengu lara kang hati liwat henti welas ira Pañji tuminghal.

(2).

/36a/ Sama dèn ira ganti-ganti dé ra ndhulu kadi penisiyan kètungdé rā nawang wulan sah ira seking bhumi,

(1).

mangké tan papuwara salasan ira liwat nā kang ambakta aduh salah tunggal rakwa sira manggihā lewih.

(2).

Awetu was pakadi pinih tur kinayuh sira nawang hulan pinukul katuwon sira pukulun pataka dahat anūtaknèdan lamun manira mati mās ingsun sampun tinangisan sira pangèran mantukā marehing Singhasari amlasaken Çri Narèndra,

(1).

sira anawang çaçih asahur dresning luh sira Pañji mawuwuh lara kaya wus kehilangan jiwa tumuli guling lwir kantakā wong ira padha nangis Çri narèndra sampun sirèng aturan tumuli præpta lan rahi dèn hayu asau waspa sira Çri narèndra.

(2).

Th para -/- n polah ira kaki anak ingsun tuhu tan wikan ingsun yan sira ala- /36b/ ra anangi Çri bhupati,

(1).

radèn Miça Prabangga wus alungguh sakwèhing sang mantri andhulu asemu luh tan wulat warnnan ira sang agring.

(2).

36b/Kèmengan çri narapati apen wus wruh i marggining gring tan wruh ujaran ira lali yan amuwus angusap wedanan ira Pañji ling irā nak ingsun marggané gring ira kaya tan wenang sira sampun agya musuh kaki anganti aparérétan,  
(1).

sira Pañjya sahur tangis henti welas ira ing nṛpati lagi andhulu ing sira rahadèn alu saha wacaña kapan pakenira mulih maring Keling ling ira radèn Prabangça paran gawéyaning sun yayi muliha manawi mantuk lamun sira asung.  
(2).

Sampuna agring sira yayi doron mantuka sira Pañji tan sahur wus tan kètung larani yayah mwang bibi,  
(1).

lewiḥ resning twas i tu-/-minghal dé ra Jaranirarsā rupan irā weness acum 37a tan panedah tan paguling.  
(2).

Kadéhan ira sama hépuh henti welas ira Pañji waspa dres tan pahampetan kès-tiya tan - - - - malar malar luhung si yèn padha nganggen-angen hurip yan wus sama milu sentuki tuwan dèn ira karan ira dadya wetu tangis malah amegat i cipta,  
(1).

duh kañcit rawuh sirājā Malayu asemu gipih ingawé dèn ira sang nātha lah mé-réné ha tuwan tinghalana reké harin ira nṛpati aninghalin syuh mār lupā twas ira mulat saha waspa ling ih kakyarin ingsun paran ta pangèran marggané ge-ring ira.  
(2).

Ndan sira Pañji duk wahu mulating sang nātha muksah twas ira lagya andhulu angucap sira ring hati,  
(1).

liwar sapangucaping wong yan sira rakwa sariyaning jagat putriyadhi wiryya 37b/gunā tan han ingéringi.  
(2).

Mangké hana lewiḥ i pamuktyan i rahadèn mantri ing Mamenang ratwa uttamaning wiryya sukaksana amawé stri lwir kadi ratih ameryya rūpa marmmaning manah ten ahaptya huripā awirang mulating wong hari atemahan pati maka panudahā lara,  
(1).

seseking manah kadi dèning wingit ameteng i hati dadi kahantu kang tangis umyang gumuruh sakwèhning rabi jajamahan ira sama alara nangis çri narèndra kalih sama mekula kèn anglilira alara dèning ra nangis tan wruh ring polah an ira.  
(2).

Lewiḥ nira Jaranirarsā tan wruh polahan ira anungkem nūkmi sambat-sambat ira ngresaken hati,  
(1).

sira Radèn Senetan lawan sira Lembhu sama nangis rinubung sang ka - - - - 38a ngamer ratna liningir.  
(2).

38a Sakwèhing kadéhan amekul padha lara nangis asimban asambat pangèran  
angaduh-aduh Mahiṣa Tan Mundhur harep angamuka wus rinebutan keris -----  
napatih mangkin tangis yaya karunguha ring wiyat milu angremrem Sanghyang  
Bharunā, (1).

dèn tulus ling irèng uni pan pisan angemasi pira larané ageng nira oliha  
----- paha lara déra nangis apan karasā marggening agring anghing  
alumuh yan ametokna lehirahan ira dadi amṛttha garjjita sang kantu anglilir  
menggah, (2).

Pinapaging panangis ira sang nāthèng Gegelang angling kaki anak ingsun  
dèn gelis sira waras, (1).

tuwan angadega ratwa milihana nāgara kang wus kacaya dèn ira sang inujaran  
asehur sembah lagya bhasa lesu pinagehaken bayu dé ra sang dwija. (2).

38b Inaris-aris liwat marmmenira sang nātha sarahinā tinunggu winidhyen  
nadaha tutuk sira Pañji kaya sukera deleng wong pan kaharep irā paratra  
aja na wruhi marmman ira nadah anisih hati. (1).

Lingsir ira Sanghyang rawi wus mulih sira sang katong nrpati Malayu endandan  
hilang saran wastran ira an Rangkésari Jangga Cacahan wus anunulis ling  
ira ka Rangga Jalada iku haturakna ing yayi nusah pati Rangga Jalada wus  
mangkat, (1).

kapanggih sira Pañji lagya guling anerang tulis warnnan ira aluru maler was-  
tran ira ----- sandhingen ira pṭak amangun ragi madya ngrengih rèh  
susah kejeping driya anglidhih rangka-rengkaning hati asemu lumeng katon si-  
rah sutéjo kumram. (2).

----- / Rangga Jalada prapta sarwya lungguh anganti wunguwan ira  
39a sang lagya guling, (1).

tumuli atanghi asemu kagyat malungguh ndan Rangga Jalada atur tulis lawan  
wastra sira Pañjya -----, (2).

----- ran dèn ènggal ènggal sun panggihaken tembéning surataya yi Pangèran  
wus wruh ingsun marggahané laran ira tuwan ih paran siddhyen ira ngubdha  
kaya-kaya ta ingsun tan pawéha yan dé ra jalu kas saking hari swara sasar  
----- dèn ènggal-ènggal sun panggih, (1).

iku hulesen ira tura harin ira kirim sira Pañji asalah citra lwir enugraha  
n jiwa ten pangucap punang wastra pinangku kèṣṭi dé nira ih paran rakwa sa-  
hurakna hutang sih naha nglingé Rangga Jalada hurung mangké Pangèran ma-  
ring phala. (2).

Ingenti pakan ira yèn sampun hénak waras-- mangkat sang ahulun sira Pañjya  
ngucap adandana dèn pasti, (1).

/39b/ yadyan maleratèngsun agring pangdhéné masa hurung labdha dulur mang-  
ké ri kapanan ngangen-angena hurip. (2).

Duh tuhu ingsun ring uni arupāptidyaning hati anglampwa sakadya lakonana  
kang citraha ring sira çri bhupati héling yan sira kangken panembahan ingsun  
mangké sira asung juwita kadya tandha atur kang sih sacitrèng langit paran  
ta sehurakna, (1).

anghing janma matura hulunan ira nrpati yadin mangké kawulakna tan langgana  
- - - dan kadi hulun tetebusan den ira tingkah aduh sawètning nora hogya  
sawurakna Rangga Jalada asawur sembah niskarana andhikan ira tuwan. (2).

- - - - - /- n Senetan anembah amuwus karanira tan matur reké sang prabhu  
/40a/ manawi sira tan apti, (1).

kataha rèhi sampun istri hayu-hayu sira Pañjya tan sahur kaya nggeget- - -  
- - wus mulih. (2).

Sira Pañjya kariya guling anungkemi wastra tan sipi panalah harsēn ira astri  
tan tan pacamoggha tewasana ngriwegi sira Uṇḍhaknirarṣā anghing duh - - -  
rā samā-saman ira sumbalyaha ri mangké polah puniki sampun angrasa ké-  
wuhan, (1).

dadi mangga abecika kamayangan ingsun wingi amekas dhatang èng sang nātha  
kalih pan ingsun tatasa polah ira iki wètning wus kateteran rasaning daryya  
sira Pañji angucap ing kakā kamayangan dé ra tatasing sun angrasā hutanga  
mangké ing sira. (2).

Ndan kawuwusan Rangga -/-sira rake pakan ira pangèran yan angling kabwatan  
hutang sih rèh pakan ira tinggal nāgari, (1).

/40b/yan sampun anawur sosot siddha panggih kna pakan ira pukulun anuli man-  
tuk maring bhumi Kadhiri. (2).

Rangga Titahjiwa ngling baya gané radèn dèwi ring Daha ta sira sang rāja pu-  
tri ing Matahun Rangga Jalada saha ngling singgihpan ingangken putra gantyan  
ta sih ira nrpating Matahun wong ira Pañji samā tebah jajā asemu kapeneten  
nebahna ngucap, (1).

sira Pañjya Malat Raçmin lōnglōng lwir kahudenan manik dadi bangké duk si -  
- - - - - temu ing palugon mèh angemasiyantaka dadi mijila tang tirthaning  
driya ling ira pegat-pegat ih paran ta karaning tan winaraha ri haron ta we-  
ruhā balakā. (2).

40b - - - - / - Jalada wus matur sahujar ira sira Pañji sang ingaturan  
41a pnahing hati, (1).

telasing rawi tibèng ratri kocapan sira sang kadya mamanggih hurip malah dalu  
sira dé - - - - . (2).

Mangké angrasa yèn singgih rakwa sira sarining lewih lagiya siddhan-siddhan-  
ing twas tan kawedhara tan pamuktya raras ning satanu yan durung sirèki ka-  
panggiha lan sang kèṣṭi ning citta - - nasarā angateraku duh sawètning tan  
wruh ing lampahan ira, (1).

mèsem yèn kètung duk ing luhur ukir dé ra tikṣṇa pahido mèh tan tuhu dukā  
ling ira semu guyu yayi Senetan iki ta mangkara milu tan pañjatèn ni bhaya  
sira mèt teheringan ing su sang inujaran gumuyu saha wuwus brayanèngsun li-  
yan maturèng sira. (2).

Apan liwat welas isun mulati -/- saya mr̄nang gumuyu ra Lembhu sakwèhing a-  
kemit padha ta sukā buddhi, (1).

dhawuh phat samaning nidra asing sangka turida angapèng driya tan kanan ha-  
rip mangké tur salah harsaning rabi. (2).

41b Hilang dé ra mahas amrih kapanggih ira tuwan déwi dadi tan tuhu su-  
sah twas sampun kahitung sa lingan ira sang nēthèng Mamenang kaya tan siddha  
panggih aduh lewih ta lamun kètung resning nalai ira angentya tatan sing-  
gih ling nira wiranan taja, (1).

yanā mapi tan wruh ing ambek ira tumempuhing sor liwat welas-welas ira lwir  
anemu agula kadya ngalah alah sang - - - ka satata atiwaning atma an tangis-  
ira sang apti malah dawuh pitu tan paturu kadi atatangi tan perowang. (2)

Hènjang atangi sampun asoca - - - - - /-daranggo punang wastra wingi  
42a sabuk ira babaya bon wilis, (1).

anungkelang keris alandhéyan wilis rinenggehan pinggel kemit tuwuh apanum-  
buk mirah menggepā hali-hali. (2).

Sarira ngunus anglih pamulwa wenes awilis anguwah karnaa tan pasumpang mangk-  
kin agawè brantaning tumon lagya majaran sampun asisig latya manis tumurut  
alah manising kilang angèrangi keñaringrawi wahu mijil pupusning ragā rarā  
gènggara, (1).

hentyarṣaning wong ira ndhulu sira Pañji angling asemu-semu guyu nora mirang-  
akening sun marahèng karang Tohpati rūpaningsun awenes dahat angling umulat  
salakṣmining Mamenang Kebo Angkawa mangké matur aduh Pangèran kaya hala sa-  
bran. (2).

Kebo prakasa ngling nyalon anembah matur kagemé ta hulangun sira sang hayu sang ngasa-/-wang dèwi ratih, (1).

mèsem sira Pañji saha ngling tur tumurun adoh kang ujar ri ku bara lamun a-gelem mulata sadidik. (2).

42b/Mèsem wong ira tumuli mijil kadehan ira ngiring Kebo Tan Mundhur anem-pa pawohan mās kumram Kebo Angun-angun tadah toya siraha Jaranirarṣā rawuh lan radèn Senetan pareng anembah sira Pañji asemu guyu ling ira lah anangkil a tuwan, (1).

anunggang kuda aḡri pinayungan akya ngiring duk tekaha ring ngundhi jajar sirāji Malayu kapapag anitihi kuda rakta wastran ira angrawit jenar bot sa-brang harjja humpal petak sabuk ira pèrem mās wulung amarananing keris ira landhyan danta. (2).

Ingukir manguri angrawit rinengga ing mās apinggel kemi-/-tuwuh apanumbuk mirah harjja hali-hali, (1).

tan pasusumping gagampang ira semu mletuk mantrin ira agé angiring tu jat-mika aḡri kadi tulis. (2).

43a/Amapaga kuda tumurun sira Pañji agelis mendhek anembah i sang nātha sang sinembah siyuh nalen ira tumurun asemu tangis amekul sabdha aduh pangè-ran lah aṅjenenga bapā dahat dé ra amapa çarīrā sampun aṅjeneng apekul-pe-kulan, (1).

wus tan patingsun wingi dé ra yayi mangké tèki kadi anenemu juwitaning sa-buwane sira Pañji amuwus haris apajar yan hutang ira tindhah paran rakwa yo-gya sehur sehurana kna citta tan angen-angen mahulunan ira çri narèndra . (2).

Gawya yu wingi yan tan mati paṭik Bhaṭāra yan ten asunga husedhi wara mr̥ttha 43b rasaning surat wingi, (1).

anghing seseking cipta paṭik aji angrasa katitiwasana tur durbala wighna wasa ngalang-ngalangi. (2).

Pan karaning tan wikan winèhan wikana inguni dènira ngling asreh angucapa ngremek citta aniyuh pranna çri narapati ling ira duh niskarana yayi ta ing-sun pangèran turida adéné polah ira kang sampun arabi sampun salahati tu-wan, (1).

punapèng ucap malih apanggih ta sira ring Kadhiri kalawan harin ira sira Pañ-ja sehur sembah ingajak marekèng sang nātha kawuwusa nr̥pāti ing Gagelang pinarek kènjang wonten radèn Prabangça samègar sira sang mantri wus rawuh sang sawang smarā. (2).

Pareng sira anembah wus kinèn alinggiha ling ira sang prabhu kadya nenemu  
ingsun pūrnanan ira kaki, (1).

bhaya mu-/-latèng sira rèh ira tan ratu lamun sampun umangidul batu èng Mata-  
ram sira mangké abecik. (2).

/44a/ Meneng sang liningan tumungkul radèn Alu lagya ngusap-usap sariren ing  
hari tur ta sira ngucap kamakara wenes ira sun tan pahati mèsèm sira Pañji  
hentyarsning mulat polah ira yan katon nungkuk lewih harsan ira sang nāthèng  
Gagelang, (1).

nrpating Malayu angling matur ring sira sang kaṭong kapan padukā Bhaṭāra ma-  
ngidul pukulun ling ira çri narapati angantya ndhikan ira kakāji Kahuripan  
pilih sira rawuh pan winidhi mulih kaki prabhangga hala po ingsun yan anglu-  
nganana. (2).

Patik ajyā mit mangkat rumahun pukulun sampun lah parenga kalawan ingsun kaki  
nganti sapuluh wengi, (1).

lawen ta ingsun alin-a-/-lin ring sira penten baya ing Matchun anenggèh rawuh  
/44b/ manawa angala tani. (2).

Asahur sembah sang sinakrttha prapta kang anadah tadaçih çri narèndra sang  
mentri dinawuhan kang para kawya ngidunga tekap alangu muniya ganti wusning  
anadah ingalapan asuwya ngucap-ucap dawuh telu angluwaring parekan ira sang  
nātha, (1).

sirāji Malayu mulih sira Pañji anuli mareking radèn galuh kapanggih pinareki  
tepas kilyan rahadèn dèwi awastra hijwa ahumpal putih asiñjang sakalor halus  
harja huni anguwah karnna mangkin aniyuh i hati polah ira tininghalen.  
(2).

Samégar kang pawongan praptan ira Pañjya Malat Raçmi semakara wit dèning war-  
na wenes angresi hati, (1).

rahadèn dèwi napa kèn -/- sira alinggiha Kèn bayan na muwus duh pangèran radèn  
dèwi sira anangis. (2).

/45a/ Dukam makara malih lara iki anggipih i sira Pañji alon angucap ih gawé ha-  
yu pangèran manira lamun tan mati yan tan wèngenanā aji Malayu anugrahaning  
asung hurip satata maka mahā mr̥ttha ten panawur i radèn ratnan ing rāt,  
(1).

wring semun sira Pañji apuwara wetu guywing hati dé ra Wiranantajja lantih  
dahata nidra reresning pamrman tumuli sira amit mantuk marahing Tohjiwa sang  
nātha kapanggya ndan ndan gilingan duk prapti mangké sira Pañji nrpati mapag-  
ing smitā. (2).

45e Tumuli sira samā linggih kañcit rawuh utusan radèn Alu atur siwalan winaca dèn ira Pañji, (1).

hunining tulis yayi mantri honeng manira -/-lah aguling lan ingsun milu amau 45b ca sira narapati. (2).

Ling ira arupa atatur kakang ira yayi wingi bhaya mulaning rawat durbhalaning carira rūpa kāla dèn ira kahanan mèsèm sira Pañjya ngling gring punikā wingi karan paṭok ajya becik tumulya sampun tumurun sira Pañjya asemu kèmgan.= (3).

cipttan ira ring uni andhegen dèn ira sang kaṭong marekā ing sang kèṣṭi ing hati mangké kalangan liwat kamagan ira Pañji anembahing sang nātha tumuli lungha lumaku anolih-nolih kaya-kaya rakwa sang nātha sira tututana akon mangsulā. (2).

Ndan prapti kasatriyan radèn Miṣā Prabangṣa harṣa tekā mekul aduh apangèran honeng manira yayi, (1).

ambek ingsun ing sira sungsang carik pangèran sira ngampura ha yayi hidhepen/ 46a dèn ira asanak branti. (2).

Asemu guyu sang liningan lagi angucap niyan asih tan hana kètung sahambek irè ring sun kaka Radèn Prabangṣa, asemu tangis tumuli anganti mulih sakadèhan ira angiring tan seh sira a Jranirarṣa rahadèn Miṣā Prabangṣa akèn tumūta, (1).

ndan sira tranging caṣih sampun winarah sira ring nguni dé ra radèn Prabangṣa yan sira Jaran wasèng Smarā karenah hari dèn ira suka sing tranging caṣih wus akonā mamawosana ing panti sira radèn Alu ika lungguh lan hari mwang sira Jaraniharṣa. (2).

Sakadèhan ira sama alungwing batur rahadèn Prabangṣa sèng rabi lah ta sapanen harin ira yayi, (1).

tumuli prapti sira tranging caṣih wong ira akya andhulur munggehing batur kya/ 46b njeneng sandhing sami. (2).

Sira Pañjya Malat Raṣmi asemu kapes angluh lah ta kakā sira linggiha tumulya lungguh kang pawongan padha karawit tuminghali sira sang apekik hana ngucapa ing wadana sanakan ira radèn Prabangṣa tan hana matra hèmper - hèmper ira, (1).

prapta kang tadah tumuli anadah tibèng ratri sama sira guling ing madyandan sira teranging caṣiya sira agulinging wéṣma kilyan prapta punang anggringgit suka wong ira tranging wulan sawengya ganti prawala wañcaritha nṛpati Malayu wuwusen muwah. (2).



46b Wus maring Kamegetan warnnanen polah ira sawengi ahentya-hentyan sih lulut saratri tan kenā guling, (1).

durung mār yya jrih radèn déwi çri nara nātha sih ira awantuka sok muṣṭining nalā dawuh pitu sira mulih. (2).

Sira Pañjya -/-Malat Raçmya hènjang sira anangkil pareng lan rahadèn Prabang-  
47a ça henengakena kawuwusan sira kuda ngrimangi praptèng nāgarèng Kadhiri wus matur sawewekas ira a Jaranirarṣā nṛpating Janggalèng Kadhiri ri saksat sinungan jiwa, (1).

hégar garjjita sang mantri kepanggih sira kalih kadi trṇa laṭèng katiga lina-wading jawuh tan ucapen wong jro puri samā-gé mulatèng radèn mantri lewih kang sampun tingkah istri wahu rarasing radèn mantri kètung kaya nglayang layanga maring Gagelang. (2).

Sira sang mantri samanya ganti adan angiringing sanga hulun marahi Gagelang siddhā mangkating bènjing, (1).

liman padhati wus dinandhanan siyuh penuh dhawuh sapta mangkata sang ahulun sami sira wehanan aṣṭi. (2).

Akalihan rimihin pinilih wong jro anghing -/- ring wèt ning agè mulati warnna-  
47b ning atmaja kuneng mangké kang isining puri kari huri çri naranātha Janggala raga pinrenah adulur datan warnna lampah ireng hnu amemengi mèh Prap-tā ha ring Gagelang, (1).

ndan kawuwus iriking sira Pañjya Malat Raçmi hènjang sira aburatha hyas awas-tra hijo mayang mekar asabuk gringsing cacahan anungkelang keris alandhéyan nilā angemu mirah apinggel apus pupak hali-hali roro sisih pada anèntra mirah. (2).

Angrawit laṭya turut rangdhi yaya juruh waja ngrajasa jamu çabdhaning kūng asumpang sumanaṣā putih, (1).

maring Tohpati sang apekik wong ira sama angiring ndan nṛpating Malayu apa-sang lan sang kadi ratih. (2).

Pahyas sira angrawit harjja wastra sakeji hijo asiñjang nilā -/-saraja apadan-  
48a dana burat jenar sineron jebad minging asuweng loyang winilis tiga patra susupping ira sesreben ira awor lawan pamulwa laṭya ngatirah waja gatra rakṭa, (1).

apinggel lunging uwi hali-hali mirah adhi kadi muksah èng palinggihan nānghing harsaning cipta nira çri narapati ing Malayu atambah welas asih polah ira mèh akrama agawedyā luput tan kenā saandhikaning hari angènakyatining mulat. (2).

/48a/ Wonten radèn Senetan anininghalya pasang sira Lembhu rawuh anembah matur yan sira Pañjyā-nèng yawi, (1).

lah aturana i jro angaduha pasang akèh kala ingsun sira Lembhu lungga matur ing sira Pañji. (2).

Tan pasanga di tumuli angelus basahan mingjero ingawé dé ra sang nātha lah-/  
/48b/ yayi marangké hasā ku tanen alah ingsun tigang papan tan kawasā ingsun anglawaniyarin ira asahur sembah sira sang winasita munggaing batu asidehèng tuwan. (1).

Tekā siyuh mār lupā lwir tan pagalih radèn dèwi kanghen polahanèng parwata lagi tan pandhulu henti harṣāning mulat polah ira mèsèṃ çri narapati ling ira lah lampahakna puniki sampun alah pasang ingsun sira Pañji angling aron dinandhan. (2).

Angling masā menanga tur anglakoken pasang sumelang andhulu ndatan dinulu mèsèṃ sang ing ngèwan liring, (1).

kaya angisapwana gawé hayu lamun alögā mehing panglungning aṣṭa wusa tan dhuk-  
hng ling hanā ngṛti . (2).

Radèn Senetan wruh i semu mèsèṃ aninghali ing sirāji Malayu mèsèṃ sang wina-/  
/49a/rah ing hulat wruhing hati yan sira Pañji kètung rèh ning lagya nekākna harṣā hanèng çariran ira sang kinawruhan asemwa wirang mari angret semu panikā wruhān, (1).

lagi angucap kadi awetu amayu sampun agya warih pukulun pasang punikā sampun rusak dinayan dèn pun haris radèn Ratna Duhitā angrungu wacana mār maras -maras harep lungga ahabotnyan lumampah akèponing twas dadya atemahan waspa. (2).

Lönglöng sira Pañji tumon henti welas ira ling ira sang prabhu ing harin ingsun kulé ipun sirā nangis, (1).

ih kamangkara jejerih sira mās ingsun sinapa balaka anangis kulé hira awedhi kakā Pañji. (2).

Ingusapan luh ira ingusap-usap menenga yayi tanghèh ta iku pamarepegé tangis ira mèsèṃ -/-sang nātha aninghali sapanangkaning tangis suka ing twas ira  
/49b/ sang abagus dèning ujar ira wiranantaja wus mati salulut awor juwita. (1).

rahadèn Senetan angling lah mijila samanih sira menè masa menenga mèsèṃ sang ahulun ling ira Pañji lah yayi ta lungga tumuli sira mijilā nganti ing radèn Senetan anolih-nolih rasa tan tumindhaka kari ha atma juwitan irā. (2).

/49b/ Tekā linggihing balyālit asemu mangu kañcit rawuh sira aji Malayu ling-  
ira sampun mangkya yayi, (1).

anadaha sira rimihin asahur sembah sira Pañjya Malat Raçmi aduh katitiwasan  
paṭik aji. (2).

Kang alunganing tangis kènakaning pun paṭik Bhaṭāra asraha çarīrā sadéra ngrèh  
akna doṣā amitangisi mèsem Çri -/-bhupati duh mayan ta mangko hana pagantin  
/50a/ ira anglila-lila yan runtik harin ira tembè didin ira dawak kanghèlan,  
(1).

hala darané yayi harin ira iku tur ta kurang ujar sadèningsun amidhi sama gu-  
muyu sakwèh ing marek tumuli prapti kang tadah sampun ira nadah aneddhā pu-  
nang kadèhan tumuli amit sira Pañji mantuk tekā guling tibra sirèng wijil  
pisan. (2).

Ling ira tanghi lagya malampah hurap-urap abasa huyang pamratning smarā tan  
para mahya angundha ragi, (1).

akèh wong ira prapti angaturaken wrtta sang nātha ing Keling prapti kalih lan  
sang nātha ha ring Kedhiri. (2).

Anenggèh prapti rimihin ing bènjang ujar ing wong prapti hègar sang inaturan  
mijil pinarek sirèng wudi jajar amrenah dununganing wong angiring abyagata-/-  
/50b/ pacadhanggi tadah amebresihing yawi larangan sama garjjita wong ing  
Prannaraga, (1).

kañcita dhatang pun Kebo Pater amatura ring sira Pañji yan prapti sang nā-  
thèng Keling bènjang pukulun sehur ira sira Pañji wus angrungu ingsun ing bè-  
suk ingsun amapag pareng lawan kaka aji Kebo Pater amit wus lungha sir āji  
Malayu wus abyagata. (2).

Sang nātha ing Gagelang sampun sira acadhang suka sira pramésuari lagya nga-  
jak amapaga dèn ènjing, (1).

wuwusen ratri radèn Prabangça aguling lawan hari tuwa nglangu ingudi jajar  
rekè pinggiring warih. (2).

Ingajak dèn ira Pañji panapap lungha uni dhatang ira sang nātha ing Keling ba-  
san ira wirang dèn ira minta wruh i kapanggihing uni karasa ing cipta ujaran  
ira çri -/- narendra pangrasan ira duduning lampah awetu luh ten kenèng tadah,  
(1).

wuwusen sirāji Malayusampun ahyas tuhwangrawit marahing Kamegetan wong ira kan  
tuna mor ing akemit ring yawi rahadèn Ratnaningrat sampun mungghahing wéçma  
/51a/ kaka kakan ira kemit dhatang sang kaṭong lungha kèn Bayan Sanggit kagèt  
radèn Ratnananing rat. (2).

51a/Tekā angisiyapwan çri narèndra asemu luh wijiling wacanā atma jiwa pangèran kantuna mās ku rari, (1).

mās ingsun harṣā amulating patemun ira lan rahadèn alu siddha tan wurung sira pangèran panggih. (2).

Karaning rawuh çri nrpating Keling amiwahèng sira déwa paran tèki mangko polahan ira katuwon kapo ing tan sasama sapá sudi ha ing ratu tan dawa anghing angèna-/-kana yaya tan pangambala raja angungsiya gunung angajar-ajar, (1).

51b/yan ingsun lungha nglari dèng pun an Rangkésari kantuna ing sira Pangèran sakeh istrin ingsun nāmo wo ngenèng sira atma jiwa sarenahan irèki kawawa dèning sun samangké puniki aduh kacacampuran sira susuhun dahat dè ra kalèsan. (2).

Rahadèn dèwi anahuri wijiling waspa mār masanga hulun anungkemi wadana lah menenga hari, (1).

tan pasung pakan ira yan lungha ha manira lah sampunan pukulun yan mahitung mekulana laywan ingsun hari. (2).

Lali yan anawuri ta sira rahadèn dèwi sapa kang tan pasung lungha alah didiné ingsun kari angemasi pati lunganing yan sira harep ahurip çri narendra asahur

52a/smitā nrpati anuhun-nuhun aṣṭan ira ring rabi dadya akarwanan waspa, (1).

duh jiwana ingsun hari dé ra hana awedhi anghing pati angundhurana bhaya amrih apalayuba ulahingsun ahurip pangèran ya saha saking riki ujar ira angūra ngemasana çwargga manira temahing jro dhaalem iriking manira karon panglahan. (2).

Tan huna manggih swargga pun aji Malayu akaron antaka lawan sira pangèran paran jrihan ing mati, (1).

lah ta guling pangèran ta mepek karasikan ing bènjing manawi mati tur aguling akna ngerih-arih. (2).

Tan kawarna irèki paguling ira katyya sih mangga sawengi ha tan paguling pangipuk-ipuk ira rahadèn galuh anghing pejaha karep ira mangké ki a-/-wirang 52b/yan amenanga sadina malih tumiba dawuh pitu pangaraha simban amapag sang nātha. (1).

Bang bang wètan tan mijil wikan rahadèn dèwi karep ira sang kakung amas pisah kna laku tan ajrih dhatang èng pati Kèn Bhayan prapti ngling kapan masaning mijila mangké kang bang bang wètan atanghi sang katong amekul duh padha dening mati adoh balakā. (2).

52b Lupa twasé Kèn Bayan aduh apungkas dahat rarasan mengké puniki pukulun  
amelasaken radèn dèwi, (1).

ya kiring ya gesang masa kacidranana dening yayah ibu sampun pukulun mijila  
dèn ipun agelis. (2).

Anghur palayokna radèn dèwi marahing nusantara pukulun ling ira rahadèn galuh  
paran sangkaning sun angen-angen ahurip anghing ameteng i daya wirangan ira  
bapāji yang ingsun --menè sampun pejah maring sun angrasa ngubdha pakèrang,  
(1).

53a siyuh trenuh mār lupā nala nrpati angisapwan ragi agatra gatra waspa  
kalingan ipun sira tan papreganing cariran ira polah ira saraçmin lan ingsun  
kabwatan pakèrang domèh ta ingsun hari angur mati ya malar ing janma sawawa  
akulā. (2).

Tur pinekulaknaing kana lungayan ira kèn bayan wus èpuh kèng Sanggit amidhi  
mijilèng çri bhupati, (1).

tumurun maring patotoyan rahadèn galuh kinanti dèning kakung kañcit rawuh  
hiñan ira rahadèn dèwi. (2).

Kèn bayan Sanggit gupuh-gupuh nora ngatya hurip lagya ndépéking batur ling  
ira hiña hanèng endhi nini rahaden dèwi matur akna mapag sang nāthèng Jangga/  
53b/la sang nātha sampun ahyas mangkat mangko Kèn Bayan tan sumahur sirèña  
ngucap kuléhé sira, (1).

kabèh padha semu tangis kañcit prapta rahadèn dèwi kagèt sirèñan ira tuminghal  
i wong lanang anganti radèn dèwi hèling sirèña yan sira aji Malayu lungha tur  
atebah jaja wong ira radèn dèwi prasama anangis lōnglōng radèn Ratnaningrat.  
(2).

Sinambut dé ra sang kaṭong sinungkem-sungkeman sarwwi pinangku alinggihing  
tepas akon tan walang hati, (1).

kuneng sirèñan ira bibisik ing tur sarwya lara dé ra anangis sang inaturan  
runtik ira henti. (2).

Wadana kadya rahup mās lwir mijil aghni saking sōngsōng ing dulu kadi kawasa  
ambutulkna Sanghyang Pritiwi ling ira se/--pa ta kapo suddhi ha ring wong  
54a tan jawa maka pamitra prang tadana awèh wirang dèn ta hari tèngsun  
angampura ha, (1).

Neher tumurun sarwwi amingkis basahan apti prang wahana lawan rahadèn dèwi  
agelis ginamelan dèn ira pramiswari ling ira nrpati lah isun matya dadagan  
lan aji Malayu wirang ingsun iki tan ing upama sasengkering tuwuh durung  
ngawirang. (2).

/54a/ Anjrit sira paduka swari amekul basahan ira sang prabhu gègèr wong jro pura apapalayon prapti, (1).

çri maha déwi dhatang anggamelī sang natha kēmengan sang prabhu ih paran polah ira ngalang-alangi. (2).

Paran polah ingsun agesang yan wus kaya iki sama nangis wong dalem pura çri pramīswaryya ngucap paténana ingsun rimihin kaka -/-aji sira mahā déwya ngu-  
/54b/ cap duh sampun sira lakṣana angur punang Pañji salahana iki masa si méné kédanan, (1).

paran wurungané mati pun aji ing Malayu iki anghing dènya-nak ira kahuripané ku kakng ingsun rasa rasani sang inujaran tan hana kari mangké mār mawelas ira apuputra sapatning wirang wekāsana muwis anabuh ateteg lan gong pangarah. (2).

Kagèt sang mantri angrungu pangarah asimbana bebelet apupulā tanya-tanya kang panangkaning wrin-wrin, (1).

rakriyan apatih kèn tumenggung maring jro pura kinèn dé sang prabhu angepung Kemegetan nirahwan déwi. (2).

Déné Pañjya Malat Raçmi aja dèn ira hari rusit sapa angandhelā angiringa a-  
tūt bisamana aywa andhuhuni praya kaki Prabangça -/-angepunga ring Tohpati  
/55a/ amit sira Patih sira Tumenggung wus wetu awarah i bala durggamaning lampah, (1).

rahadèn Prabangça prapti sira patih matur sapawekasi sang prabhu sang inaturen angregut runtik ira tan sinipi mangkana tang brahmā lwir raṣṭi amuyun angrengö yèn hana ring Kamegetan sirāji Malayu anusulwa kon anembang apangarah. (2).

WA. Lwir karungu ring langit pangarah açru prayatna sang mantri adandhan sañ-  
jata akrep tan pèdhah kukus watang dadap lan tumbak bedil tulup tammèng lan kantar panah kalawangandhi hépuh menahing wong ing jro çri pramīswari tan sah anungkemi pangkon ira nṛpati yaya tan pajiwa lesu kanghen puwaran ira radèn galuh punapa hurungan ira pejah pegatning twas kapati henti wlas/  
/55b/ ira sang kaṭong.

Angembang luh ira tur tinulung sirayin ira anangis alara sira ranten aji duk englilir sang kahantu asambating rahadyan dhuh nini anak ingsun masa sira huripa déwa hēman ira liwat katuhon ira tan sihing Hyang duh anghing mati ingsun rimihin, amuwuhing lupaning twas ing wong dalem nagara panghrikning turangga kalawan aṣṭi angepung Kamegetan kuneng kadéyan ira aji Malayu sampun nda manèk batha maring Kamegetan sama anembah atah ing çri bhupati matur sampuniyan kinepung karang ing Tohpati.--Duk anrat rerepi iki ring dinā, ÇA, MA, Tolu. Titi çaçih ka 8, rah 8, tenggek 5. Puput ring dinā CA, PA, Warigadyan, Titi, çaçih, ka 9, rah.--

ITI KIDUNG PANJI MALAT RASMI: puput sinurat ring Amlapura 7 Mei 1984.

KIDUNG PANJI MALAT RASMI, BR. PAKETAN, SINGARAJA. 37.

ITI KIDUNG PANJI MALAT RASMI: Puput sinurat ring Amlapura tanggal  
7 Mei 1984, dé Ida I Déwa Gdé Catra. Antusakna ngwang mudhālp̄ha çāstra.

Pakèling:

- (1). - - - - - : cihna rontal musak, aksaran ipun ical.
- (2). Rontal : angka 1, 23, ical.
- (3). Rontal : angka 13 ical atugel.